# texe na de ndeem wax na dëgg

Jële nañu ci Talhata ibn Ubaydil Laahi -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Benn waay bu bokk ci waa Najd dafa ñëw ci Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- kawar gi tasaaroo, ñoo ngi dégg kàddug waxam ji, waaye xamunu li muy wax, ba mu jege Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- neke da doon laaj ci Lislaam, Yonnente bi ne ko: "juróomi julli ci bëccëg ak guddi gi" mu ne ko: ndax dara waru ma lu dul yooyu? Mu ne ko: "déedéet, lu dul nga coobarewu, ak woor weeru koor", mu ne ko: ndax dara waru ma lu dul moom? Mu ne ko: "déedéet, lu dul nga coobarewu", Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- tuddal ko asaka, mu ne ko: ndax dara waru ma lu dul moom? Mu ne ko déedéet, lu dul nga coobarewu", nee na waa ji wane ginnaaw di dem, di wax naan: giñ naa ci Yàlla ne duma yokk ci lii dara, te duma ko wàññi, Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daal di wax ne: "texe na de ndeem wax na dëgg".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Benn waay bu jóge Najd dafa ñëw ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- kawaram gi tasaaroo, kàddoom yëkkatiku, te xameesul li muy wax, mu ñëw ba jege Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- laaj ko faratay Lislaam? Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- tàmbalee ci julli, xamal ko ne Yàlla farataal na ci moom juróomi julli ci bëccëg yi ak guddi. Mu ne ko: ndax dara war na ma ci julli lu dul juróom yii? Mu ne ko: déedéet, lu dul nga coobarewu ci julliy naafila yi. Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- teg ca ne ko: bokk na ci li Yàlla farataal ci yaw woor weeru koor. Waa ji ne ko: ndax dara war na ci woor lu dul woor weeru koor? Mu ne ko: déedéet, lu dul nga coobarewu ci woor. Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- tuddal ko asaka. Waa ji ne ko: ndax dara war na ma ci ay saraxe ginnaaw asaka giy farata? Mu ne ko: déedéet, li dul nga coobarewu. Ginnaaw bi waa ji déggee farata yii ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa dummóoyu wane ginnaaw di giñ ci Yàlla mu kawe mi ne dina taqoo ak loolu te du ci yokk du ci wàññi, ginnaaw loolu Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daal di wax ne: waaji de bu dëggalee ci li mu giñ dana bokk ci way-texe yi.

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY

لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC
E-Da'wah Committee